



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO MEZI POU KONBAT OGMANTASYON NAN VYOLASYON TRAVAY TIMOUN AK TRAFIK TRAVAY

Depatman Travay Eta New York pral devlope nouvo gwoup travay sou travay timoun, kreye pwogram angajman anplwayè pou pwoteje travayè jèn yo, etabli inite entèvasyon kont trafik travay

Baze sou kanpay edikasyon piblik ki egziste deja nan Depatman an pou enfòmè travayè, paran, ak anplwayè yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nouvo efò y ap fè pou konbat vyolasyon travay timoun ak trafik travay nan Eta New York. Konsidere gwo ogmantasyon 68 pousan nan rapò sou vyolasyon travay timoun an 2022 nan Eta New York, Gouvènè Hochul ak Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) ap ranfòse angajman yo pou asire sekirite ak byennèt travayè jèn yo. Sa vin apre [kanpay resan](#) Depatman Travay Eta New York la pou edike jèn travayè yo sou dwa yo nan espas travay. Depatman Travay Eta New York pral devlope yon nouvo Gwoup Travay sou Travay Timoun tou, kreye yon pwogram angajman anplwayè ak agrandi travay kont trafik Divizyon Politik ak Afè Imigran (Division of Immigrant Policies and Affairs, DIPa) pou etabli yon Inite Entèvasyon pou Trafik Travay.

"Nou tout gen yon responsablite moral pou pwoteje timoun nou yo ak atake pratik eksplwatasyon travay", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan plizyè dizèn ane, Eta New York te dirije nasyon an nan etabli pwoteksyon pou travay timoun tankou limite lè travay nan aswè lekòl yo ak etabli estanda salè minimòm pou minè yo. Avèk dènye ogmantasyon nan rapò vyolasyon travay timoun yo, nouvo mezi sa yo pral edike travayè jèn yo sou dwa yo nan espas travay la epi kenbe anplwayè yo responsab, kreye espas travay ki pi an sekirite pou tout Nouyòkè yo".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Pwoteje ak kapasite travayè New York yo santral nan sa nou fè nan Depatman Travay Eta New York, kidonk nou detèmine pou nou dirije nasyon an nan pwoteje travayè ki pi vilnerab nou yo kont eksplwatasyon. Mwen rekonesan paske Gouvènè Hochul pran zafè sa a oserye epi imedyatman ap travay pou elaji efò nou te kòmanse nan kòmansman ane sa a. Nouvo gwoup travay sa a ak kanpay kontinyèl nou an pral ba nou zouti pou pwoteje travayè vilnerab k ap antre nan mond travay la".

Gwoup Travay sou Travay Timoun

Gouvènè Hochul ap lanse yon nouvo Gwoup Travay sou Travay Timoun ant plizyè ajans pou travay dirèkteman ak lekòl lokal yo ak minisipalite yo pou asire timoun yo, paran yo ak anplwayè yo edike sou dwa ak responsablite yo nan espas travay la. Gwoup Travay sa a pral yon efò kolaboratif avèk yon seri patnè nan eta a, ke NYSDOL dirije avèk patisipasyon Lapolis Eta New York, Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department, NYSED), Biwo pou Nouvo Ameriken nan Depatman Deta New York, Divizyon Dwa Imen Eta Ne York, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans Eta New York la. NYSDOL pral kowòdone ak lòt ajans nan gwoup travay la pou ogmante kapasite ranfòsman yo.

Kanpay Edikatif pou Piblik Elaji

NYSDOL pral elaji kanpay dijital edikasyon piblik ki te kòmanse an janvyè 2023 pou mete aksan sou enfòmasyon enpòtan sou trafik travay, ansanm ak enfòmasyon adisyonèl sou dwa jèn travayè yo, tankou kalite travay minè yo pa kapab fè. NYSDOL pral patenarya ak NYSED pou founi enfòmasyon sou dwa travay ak enfòmasyon sou trafik travay bay lekòl yo pou distribye, an kowòdinasyon avèk pape travay yo.

Angajman Anplwayè

NYSDOL pral ankouraje anplwayè yo nan sektè otèl, restoran, alimantasyon rapid, ak endistri fizik tankou fabrikasyon, transfòmasyon manje, konstriksyon, agrikilti, ak amenajman peyizaje pou edike anplwaye yo sou dwa travay ak siy trafik travay. Sa ap gen ladan ankouraje anplwayè yo pou yo pran angajman pou pwoteje travayè jèn yo.

Inite Entèvansyon kont Trafik Travay

Trafik travay, oswa travay fòse, se itilizasyon fòs, fwod, oswa fòs pou oblije yon moun travay kont volonte li. Yo estime ke plis pase 27 milyon moun atravè mond lan ap sibi eksplwatasyon anba men trafikant moun. Trafik travay kapab afekte granmoun ak timoun ki soti tout kote, men yon kantite minorite ki pa pwoposyonèl ak moun ki soti nan kominote majinalize ak defavorize.

Pou ogmante angajman Eta New York pou sipòte ak pwoteje viktim trafik travay yo, NYSDOL ap agrandi pou l enkli yon nouvo Inite Kont Trafik anba Divizyon Politik ak Afè Imigran li yo. Nouvo Inite Kont Trafik la gen ladan anplwaye Entèvansyon kont Trafik ki pozisyone nan Vil New York ak Albany, epi li pral asire moun ki pi vilnerab a trafik travay yo konnen siy ak resous ki disponib pou ede yo si yo vin yon viktim.

Siy trafik travay yo enkli:

- Yo te di ou dwe travay pou peye yon dèt.
- Yo te pwomèt ou yon avantaj tankou yon kat vèt oswa lajan ou pa resevwa.
- Yo te di w anplwayè w la pral kenbe paspò w oswa kontra trava ou.
- Yo te menase w ke yon moun pral rele lapolis oswa imigrasyon si w pa travay.

Nouyòkè ki kwè ke yo menm oswa yon moun yo konnen ka yon viktim trafik travay dwe kontakte NYSDOL nan 877-466-9757 oswa voye yon imèl bay trafficking@labor.ny.gov. NYSDOL p ap janm mande estati imigrasyon yon travayè.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap ak Ko-Prezidan Gwou Travay ant Plizyè Ajans sou Trafik Moun nan, Daniel W. Tietz, te deklare, "Li pa admisib ke okenn biznis ap eksplwate imigran ki fèk rive, san konte timoun yo, epi nou pral adrese pwoblèm sa a dirèk. Nou dwe redouble efò nou pou idantifye potansyèl viktim trafik yo epi asire yo ka jwenn aksè nan sèvis ki bay sipò, ki adapte ak kilti, epi ki global pou satisfè bezwen yo".

Komisè Depatman Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Yo dwe sispann eksplwatasyon ak abi timoun imigran yo te fòse nan travay ki difisil, souvan danjere. Mwen rekonesan pou patenarya avèk Depatman Travay sou gwoup travay enpòtan sa a, epi NYSED angaje l pou l travay ak lekòl nou yo ak patnè ajans eta nou yo pou fè konnen enjistis sa yo".

Komisè Divizyon Dwa Moun Eta New York la, Maria Imperial, te deklare, "Travay timoun se yon pwoblèm dwa moun ki prive timoun yo de inosans yo, diyite yo ak avni yo. Li obligatwa pou nou pwoteje dwa Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo epi kontinye ankouraje yon eta kote tout moun ka atenn potansyèl yo".

Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services, OCFS) nan Eta New York, Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "Travay timoun gen yon gwo enpak sou devlopman mantal, emosyonèl ak menm fizik moun ki pi presye ak vilnerab pami nou. Sitiyasyon an te pi grav toujou lè yo fè trafik jèn sa yo kont volonte yo. Sa atenn kè sa ajans nou an ap chèche pwoteje, epi se sante, sekirite ak byennèt tout timoun New York yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Depatman Travay paske yo te franchi etap enpòtan sa a pou mete fen nan krim sa yo ki souvan neglije epi nou fyè pou nou travay ansanm ak administrasyon Gouvènè a ak lòt ajans patnè nou yo pou sipòte viktim trafik travay yo epi fè sansibilizasyon sou pwoblèm jeneralize sa a".

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Vyole lwa travay nou yo ak pwofite nenpòt Nouyòkè k ap travay di se yon bagay ki pa akseptab, men atake manm ki pi vilnerab nan kominote nou yo, jèn nou yo, se yon bagay deplorab, epi nou p ap tolere sa. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Komisè Reardon pou efò rapid yo pou konbat ogmantasyon nan vyolasyon travay timoun ak trafik travay, epi Lapolis Eta a enpasyan pou l travay avèk yo pou kenbe moun ki vyole lalwa yo responsab epi bay jistis pou viktim yo".

Resous NYSDOL pou Biznis ak Jèn Travayè yo

Pou anpeche biznis yo depase limit èdtan pou jèn travayè yo akòz mank travayè, NYSDOL pral kontinye pwomouvwa resous ki disponib pou ede biznis yo rekrite anplwaye yo pou asire yo gen yon kantite mendèv apwopriye. Atravè [Sèvis Bizinis](#)

NYSDOL la, biznis yo ka afiche ouvèti djòb yo, aprann sou avantaj anbochaj yo ak jwenn aksè a sèvis konsiltasyon gratis.

Divizyon Solisyon Travay ak Mendèv NYSDOL la gen ladann yon ekip jèn pou ede jèn yo antre sou mache travay la. Gen gid pou jèn Nouyòkè yo disponib sou entènèt pou edike yo sou sa yo bezwen anvan yo ranpli aplikasyon. Gid yo repati selon laj [14-17](#) ak [18-24](#) epi kouvri sijè enpòtan tankou jwenn papyè travay, idantifikasyon apwopriye, preparasyon CV ak lòt ankò. Kèk konsèy enpòtan pou sonje pou jèn travayè yo ak biznis anbochaj yo se:

- Travayè ki gen 14 a 17 an dwe gen yon sètifika travay, ke yo rele tou [papyè travay](#) pou yo ka kenbe yon djòb nan Eta New York.
- Gen limit nan dire orè travay yo, lè nan jounen an ak kantite èdtan minè yo ka travay tou depann de laj yo, epi si yo lekòl.
- Minè yo gen entèdiksyon pou [travay lannuit](#) epi gen restriksyon diferan pase adilt yo.
- [Lwa sou salè minimòm yo](#) aplike pou tout travayè (amwenske sa endike yon lòt jan), sa gen ladan minè yo tou.
- Minè yo pa ka reyalize kèk aktivite oswa okipasyon ki konsidere kòm danjere. Aktivite ak okipasyon sa yo entèdi nan nivo eta a ak/oswa federal la.

Vizite kanal rezo sosyal NYSDOL yo pou wè nouvo kanpay la, epi tcheke [paj dakèy Konnen Dwa Ou](#) NYSDOL la pou plis enfòmasyon sou lwa sou travay timoun. Pou plis enfòmasyon sou trafik moun ak travay, vizite [pajwèb Trafik Moun](#) NYSDOL la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)